

**NGAGUNAKEUN MODEL PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN  
NGARANJATKEUN HASIL DIAJAR MURID DINA SUBTEMA  
BABARENGAN DINA NU BAREDA**

**(Panalungtikan Tindakan Kelas di Kelas IV SDN Ciapus III Kecamatan  
Banjaran Kabupaten Bandung Taun Ajaran 2017-2018)**

**Ku  
Shenie Nurfitri Herdianti  
135060146**

***Ringkesan***

*Panalungtikan ieu tujuanna keur ningkatkeun hasil diajar murid ku ngagunakeun model Problem Based Learning dina tema Indahna Babarengan subtema Babarengan dina nu Barareda. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas IV SDN Ciapus III Kecamatan Banjaran Kabupaten Bandung. Panalungtikan ieu didasarkeun ku hasil pamanggih dina kagiatan observasi anu ngagambarkeun handapna hasil diajar murid dina subtema Babarengan dina nu Bareda. Bentuk rupa panalungtikan ieu ngagunakeun model PTK anu dirinci tina 3 siklus, masing-masing siklusna ngeunaan tahapan ngarencanakeun, ngalaksanakeun tindakan, observasi, jeung refleksi. Hasil panalungtikan keur Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) meunang hasil nu gedena 78% ningkat dina siklus II nu gedena 85% jurung ningkat deui dina siklus III nu gedena 93%. Dina ngalaksanakeun pangajaran siklus I meunang hasil nu gedena 80% ningkat tina siklus II nu gedena 85,2% jeung ningkat tina siklus III nu gedena 93,2%. Dina hasil diajar murid anu diraih dina 3 aspek nyaeta aspek afektif, kognitif, dan psikomotor, nunjukeun yen dina siklus I murid meunang katuntasan sikap paduli (afektif) nu gedena 22,7% sedengkeun sikap santun meunang 27,7%, kanyaho (kognitif) gedena 45,4% jeung kaparigelan (psikomotor) 36,1. Dina tindakan siklus ka II nu ngarupakeun ningkatna hasil posttest dina siklus I jadi mungker persentase katuntasan sikap paduli (afektif) nu gedena 68,1% sedengkeun sikap santun meunang 59%, kanyaho (kognitif) gedena 72,7%, jeung kaparigelan (psikomotor) meunang 68,1%. Dina tindakan siklus III nu ngarupakeun ningkatna hasil tina posttest siklus II jadi ningkat persentase katuntasanna sikap paduli (afektif) gedena 90,8% sedengkeun sikap santun meunang 90,8%, kanyaho (kognitif) gedena 90,8%, jeung kaparigelan gedena 95,4%. Hal ieu disababkeun ku model Problem Based Learning anu aktif salila pangajaran teh murid nu diajar sedengkeun anu ngajarna ngan saukur jadi pasilitator. Kasimpulan anu diraih tina panalungtikan ieu nyaeta ku ngagunakeun model Problem Based Learning bisa ningkatkeun hasil diajar murid kelas IV SDN Ciapus III. Ku hal ieu model Problem Based Learning bisa dikadikeun salah sahiji pilihan model ngajar jeung diharepkeun nu ngadidik bisa nyoba nganarepkeun model diajar dina materi lain sangkan bisa ngupayakeun ningkatna kualitas pangajaran supaya lebig alus.*

**Kasimpulan Pokok:** *Problem Based Learning, Hasil Diajar*